



## NOTE DE PRESSE

La Chambre de Commerce américaine en Haïti (AmCham Haiti) observe avec horreur et désolation la détérioration alarmante de la situation dans les départements de l'Artibonite et du Centre, marquée par une insécurité grandissante et des conditions de vie précaires où la population est bercée en permanence par les détonations d'armes automatiques.

Nous condamnons fermement les actes de violence qui ont marqué le quotidien de nos concitoyens depuis des années et qui n'ont fait qu'empirer au cours de ces dernières semaines. Les nombreuses attaques contre les civils ainsi que les cas de kidnappings ; le massacre perpétré à Canaan contre les fidèles de l'église « Piscine de Bethesda » lors de la marche menée par le pasteur Marco le 26 août, ainsi que la destruction des installations de l'entreprise de production alimentaire Tropic S.A à Tabarre dans la nuit du 24 août ainsi que celle survenue à la SunAuto, pour ne citer que ceux-là, sont des actes que nous ne pouvons tolérer. Les différentes attaques du gang de Savien dans l'Artibonite et les assauts répétés des criminels de Grand Ravine contre les habitants de Carrefour-Feuilles, forçant une foule en panique à se déplacer sans abri, sont tout aussi inacceptables. Ces compatriotes, et bien d'autres qui vivent ces actes de violences depuis trop longtemps, sont livrés à eux-mêmes, et méritent un soutien essentiel.

Face à la misère déchirante de nos concitoyens, nous exhortons le gouvernement à assumer ses responsabilités. Le peuple haïtien, épuisé par des années de souffrance, mérite un avenir meilleur. Le temps est venu pour nos dirigeants de prendre conscience qu'il incombe à l'État de protéger ses citoyens, et de faire preuve d'un leadership concret pour faire face au fléau de l'insécurité qui accable toute la population. Nous demandons instamment aux autorités de mettre en œuvre toutes les mesures nécessaires pour rétablir l'ordre et la sécurité dans le pays afin d'éviter ce drame humanitaire sanglant qui se profile.

Pétion-Ville, le 5 septembre 2023

Le Conseil d'administration



## NOT POU LAPRÈS

Chanm Komès Ameriken an Ayiti (AmCham Haiti) obsève nan lapèn ak dezolasyon, deteryorasyon rapid sityasyon an nan depatman Latibonit ak depatman Sant, kote mouvman ensekrite a ap grandi epi bri zam otomatik ap fè koral nan zòrèy yon popilasyon ki deja ap mal viv.

Nou kondane ak tout fòs zak vyolans sa yo ke popilasyon an kontre chak jou depi plizyè lane epi ki vin pi rès pandan semèn sa yo. Atak kont sivil ak ka kidnapin; masak ki fèt nan Kanaran sou fidèl legliz "Piscine de Bethesda" pandan mach Pastè Marco tap dirije 26 out la, destriksyon enstalasyon konpayi Tropic S.A ansanm ak konpayi SunAuto nan Taba, pou nou site sa yo sèlman, se yon seri zak ke nou pa ka tolere. Divès atak gang Savyen fè nan Latibonit, ak atak san kanpe kriminel Gran Ravin fè sou moun Kafou-Fèy, ki fòse moun zòn sa yo kite lakay yo, sa yo tou nou pa ka aksepte. Konpatriyòt nou yo, ak anpil lòt moun ki ap viv zak vyolans sa yo pandan twò lontan, lage poukont yo, e yo merite sipò.

Anfas lamizè k'ap dechire sitwayen parèy nou yo, nou mande gouvènman an poul pran responsablite l. Pèp ayisyen an bouke ak tout lane soufrans sa yo. Yo merite yon pi bon avni. Lè a rive pou dirijan nou yo konprann ke se responsablite Leta pou pwoteje sitwayen li yo, epi pou yo montre bon jan lidèchip pou kanpe anfas van ensekrite ki anvayi tout popilasyon an. Nou mande otorite yo pou yo aplike tout dispozisyon ki nesèsè pou retabli lòd ak sekirite nan peyi a, yon fason pou evite gwo trajedi imanité sa a kap desine devan nou an.

Petyonvil, 5 septanm 2023

Konsèy administrasyon an